

**NINGKATAKEN MOTIVASI TUWIN ASILING PASINAON
RAGAM BASA KRAMA
KANTHI NGGINAKAKEN MODEL *MAKE A MATCH*
(Panaliten Tindakan Kelas Tumrap Siswa Kelas VIII B SMP Negeri 2
Garung Tahun Pelajaran 2015/2016)**

TESIS

**Kangge Hanjangkepi Saperangan Syarat Anggayuh Drajat
Program Studi Pendidikan Bahasa**



Kaanggit dening

Ida Herawati

NIM 15PSC01691

**PROGRAM PASCASARJANA
UNIVERSITAS WIDYA DHARMA KLATEN
2017**

PASARUJUKAN



NINGKATAKEN MOTIVASI TUWIN ASILING PASINAON
RAGAM BASA KRAMA
KANTHI NGGINAKAKEN MODHEL MAKE A MATCH
(Panaliten Tindakan Kelas Tumrap Siswa Kelas VIII B SMP Negeri 2
Garung Tahun Pelajaran 2015/2016)

Kaanggit dening

Ida Herawati

NIM. 15PSC01691

Sampun Pikantuk Pasarujukan dening Pamong

	Tapak Asta	Tanggal
Pamong I		11/2.17
Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum
NIP. 19600412 198901 1 001		
Pamong II		11/2.17
Dr. Hersulastuti, M.Hum
NIP. 19650421 198703 2 001		

Kauningan

Ketua Program Studi Bahasa



Dr. Dwi Bambang Putut Setiyadi, M.Hum

NIP. 19600412 198901 1 001

PANGESAHAN

NINGKATAKEN MOTIVASI TUWIN ASILING PASINAON

RAGAM BASA KRAMA

KANTHI NGGINAKAKEN MODEL MAKE A MATCH

(Panaliten Tindakan Kelas Tumrap Siswa Kelas VIII B SMP Negeri 2





Garung Tahun Pelajaran 2015/2016)

Kaanggit dening

Ida Herawati

NIM. 15PSC01691

Sampun dipunsarujuki lan dipunsahaken dening Tim Penguji:

Jabatan	Nama	Tapak Asta	Tanggal
Pangarsa	: Prof. Dr Herman Herman J. Waluyo, M.Pd	
	NIP. 19600412 198901 1 001		11/2'17
Panitra	: Dr. Hj. Esti Ismawati, M.Pd.
	NIP. 19611018 198803 2 001		11/2.17
Panguji I	: Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum
	NIP. 19600412 198901 1 001		11/2'17
Panguji II	: Dr. Hersulastuti, M.Hum
	NIP. 19650421 198703 2 002		

Kauningan

Direktur Program Pascasarjana

Prof. Dr Herman Herman J. Waluyo

NIP. 690 115 345

Ketua Program Studi

Dr. D.B. Putut S., M.Hum.

NIP. 19600412 198901 1 001



MOTTO

“Giri Lusi Janma tan Kena Ingina”

Senajan mlarat (katone mlarat) nanging manungsa kaya ngono ora kena diina
(disepelkake, dianggep asor).

"Titikane wong putus ing ngelmu, basa kang bisa gawe tentrem lan bungahing liyan"

Orang yang menguasai ilmu pengetahuan, memiliki tata bahasa yang bisa
membuat orang lain senang

PRATELA

Ingang tapak asta ing ngandhap menika, kula:

Nama : Ida Herawati
NIM : 15PSC01691
Jurusan/Program Studi : Pendidikan Bahasa
Program : Pascasarjana

Mratelakaken kanthi sayektosipun bilih *tesis* ingkang irah-irahanipun:

Judul : **NINGKATAKEN MOTIVASI TUWIN
ASILING PASINAON RAGAM BASA KRAMA
KANTHI NGGINAKAKEN MODEL *MAKE A
MATCH* (Panaliten Tindakan Kelas Tumrap Siswa
Kelas VIII B SMP Negeri 2 Garung Tahun
Pelajaran 2015/2016).**

menika seratan kula piyambak. Prakawis ingkang sanes asiling karya kula ing salebeting *tesis* punika dipunsukani tandha *sitasi* lan dipuntedahaken ing salebeting kapustakan.

Mbok bilih ing mangkenipun kabukten bilih pratela kula menika boten leres, kula sagah nampi *sanksi akademik* inggih punika batalipun gelas Magister Pendidikan saking Universitas Widya Dharma Klaten.

Klaten,



Ingang damel pratela

Ida Herawati

PISUNGSUNG

Tesis menika kula pisungsungaken dhumateng:

1. Semah kula kinasih Slamet Suroso, saha anak kula Diksi Pradipta, Frasa Sucahya lan Nosi Anggana kinasih ingkang tansah nyengkuyung dhumateng gegayuhan kula.
2. Tiyang sepuh kula kinasih ingkang tansah paring idi pangestu.
3. Dhosen Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten.
4. Kanca-kanca kula kinasih ingkang tansah asung panjurung.

ATUR PANGANTAR

Puji syukur kaaturaken dhumateng Allah SWT ingkang sampun paring lubering sih kanugrahan ingkang tanpa upami saengga panaliti saged ngrampungaken tesis kanthi irah-irahan “Ningkataken Motivasi Asiling Pasinaon Ragam Basa Krama Kanthi Modhel *Make and Macth* SMP Negeri 2 Garung Kabupaten Wonosobo Tahun Pelajaran 2015/2016 (Panaliten Tindakan Kelas Tumrap Siswa Kelas VIII B).” Tesis menika kaanggit minangka syarat hanggayuh drajat Magister Pendidikan Program Studi Pendidikan Bahasa Universitas Widya Dharma Klaten.

Awit tesis menika sampun paripurna, panaliti ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpa upami dhumateng:

1. Prof. Dr. H. Triyono, M.Pd Rektor Universitas Widya Dharma Klaten ingkang sampun paring fasilitas.
2. Prof. Dr Herman J. Waluyo. Direktur Program Pasca Sarjana Universitas Widya Dharma Klaten ingkang sampun ngeparengan panaliti ngawontenaken panaliten.
3. Dr H.D. B. Putut Setiyadi, M. Hum. Pangarsa Program Pasca Sarjana Universitas Widya Dharma Klaten, saha pamong 1 ingkang sampun paring panjurung saha paring panuntun panganggiting tesis menika.
4. Dr. Hersulastuti, M.Hum. Pamong 2 ingkang sampun nuntun kanthi sabar saha tlatos.

5. Suwarna, S.Pd. Kepala SMP Negeri 2 GarungKabupaten Wonosobo ingkang sampun idi palilah panaliti ngawontenanken panaliten ing pawiyatan ingkang dipunpangarsani.

Panaliti namung saged atur panuwun ingkang tanpa upami saha atur donga mugya Gusti Allah SWT tansah paring lubering kanugrahan dhumateng sedaya ingkang sampun kasebataken ing nginggil, mugi-mugi tesis menika mufangati dhumateng pamaos.

Klaten, Pebruari 2017

Panyerat

DHAFTAR ISI

PASARUJUKAN.....	ii
PANGESAHAN.....	iii
MOTTO	iv
PRATELA.....	v
PISUNGSUNG.....	vi
ATUR PANGLANTAR.....	vii
DHAFTAR ISI.....	ix
DHAFTAR LAMPIRAN.....	xii
DHAFTAR TABEL.....	xiv
DHAFTAR GAMBAR.....	xv
SARI PATHI.....	xvi
<i>ABSTRAK</i>	xvii
<i>ABSTRACT</i>	xviii
BAB I PURWAKA.....	1
A. Lelarahing Prakawis.....	1
B. Idhentitasing Prakawis	6
C. Wewatesing Prakawis	7
D. Rumusaning Prakawis.....	8
E. Ancasing Panaliten.....	8
F. Mumpangating Panaliten	9
BAB II LAMBARANING TEORI, RAGANGANING PAMIKIR	
SAHA PENGUJIAN HIPOTESIS	10
A. Lambaraning Teori.....	10
1. Motivasi.....	10
2. Pangertosan Pasinaon.....	14

3. Asiling Pasinaon.....	17
4. Wicara	18
5. Unggah-ungguh Basa	19
6. Metode Pembelajaran Kooperatif Make and Macth.....	21
B. Panaliten Inggang Gayut.....	23
C. Raganganing Pamikir	28
D. Hipotesis Tindakan.....	31
BAB III METODOLOGI PANALITEN	32
A. Wujud lan Pendekatan Panaliten.....	32
B. Subjek, Papan Panggenan lan Wekdal Panaliten	34
C. Prosedur Panaliten	35
D. Indikator Panaliten	42
E. Teknik lan Piranti Ngempalaken Dhata.....	42
F. Teknik Analisis Dhata.....	48
BAB IV PIKANTUKIPUN DHATA SAHA PANGONCEKIPUN.	55
A. Dhata ingkang Kapanggihaken	55
1. Kondisi Awal (Pra Siklus)	56
2. Deskripsi Saben Siklus.....	63
2.1 Deskripsi Siklus I	63
2.2 Deskripsi Siklus II	81
B. Pangoncing Panaliten	91
BAB V PANUTUP	99
A. Dudutan	99

B. Implikasi	100
C. Iguh Pratikel	107
KAPUSTAKAN.....	104
LAMPIRAN-LAMPIRAN	107

DHAFTAR LAMPIRAN

1. Silabus.....	107
2. Rencana Program Pembelajaran	110
3. Rekapitulasi Observasi Motivasi Pasinaon Siswa.....	126
4. Lembar Observasi Guru	128
5. Kisi-kisi Motivasi.....	132
6. Instrumen Angket Motivasi	133
7. Instrumen Uji Validitas dan Reliabilitas.....	142
8. Analisis Motivasi Pra Siklus Kelas VIII B	145
9. Analisis Motivasi Siklus I Kelas VIII B	147
10. Analisis Motivasi Siklus II Kelas VIII B	149
11. Dhaftar Pambiji Ulangan Padinan	151
12. Dhaftar Pambiji Pra Siklus	153
13. Dhaftar Pambiji Siklus I	155
14. Dhaftar Pambiji Siklus II	157
15. Gambar Foto Kegiatan Pasinaonan	159
16. Cathetan Lapangan	164
17. Tuladha Kertu-kertu	169
18. Tuladha Soal Pree Test	172
19. Tuladha soal Post Test	174
20. Tuladha wangsulan Siswa	178

21. Surat Ijin Penelitian UNWIDHA	183
22. Surat Keterangan Melakukan Penelitian	184
23. Surat Ijin Keterangan Melakukan Penelitian	185

DHAFTAR TABEL

BAB III

3.1 Alokasi Wekdal Panaliten	34
3.2 Kisi-kisi Angket Motivasi Pasinaon	46
3.3 Kriteria Ketuntasan Pasinaon	50
3.4 Kriteria Skor Angket	50
3.5 Kriteria Pambiji Asil Motivasi	51
3.6 Kategorisasi	52

BAB IV

4.1 Analisis Angket Motivasi Pasinaon Pra Siklus	59
4.2 Analisis Asiling Ulangan Padinan I (Pra Siklus)	61
4.3 Analisis Angket Motivasi Pasinaon Siklus I	77
4.4 Analisis Asil Ulangan Padinan 2 (Siklus I)	79
4.5 Analisis Angket Motivasi Pasinaon Siklus II	88
4.6 Analisis Asiling Ulangan Padinan 3 (siklus II)	90
4.7 Peningkatan Motivasi Pasinaon Siswa	95
4.8 Peningkatan Asil Pasinaon	96

DHAFTAR GAMBAR

BAB II

Gambar 2.1 Skema Cengkoronganing Panaliten	31
--	----

BAB III

Gambar 3.1 Model PTK miturut Kemmis & Taggart	33
---	----

BAB IV

4.1 Dwija taksih ngginakaken modhel ceramah	56
4.2 Dwija ngawontenaken pree test ing Pra Siklus	57
4.3 Diagram Motivasi Pasinaon Pra Siklus	60
4.4 Diagram Asiling Pasinaon Pra Siklus	62
4.5 Dwija nindakaken absen siswa.....	66
4.6 Dwija paring katrangan pasinaonan modhel <i>Make a Match</i>	66
4.7 Siswa nindakaken pados pasangan kertunipun	67
4.8 Para siswa pados pasangan kertunipun	72
4.9 Siswa imgkang sampun pinanggih kaliyan kertu pasanganipun lapur dhateng tim pembiji	72
4.10 Diagram Motivasi Pasinaon Siklus I	78
4.11 Diagram Asiling Pasinaon Siswa Siklus I	79
4.12 Swasana kelas dipundadosaken wujud aksara ‘U’	83
4.13 Dwija mbagekaken kertu-kertu pitakenan lan wangsulan	84
4.14 Gambar Diagram Motivasi Pasinaon Siklus II	89
4.15 Asil Pasinaon Siklus II	90
4.16 Gambar Diagram Peningkatan Motivasi Pasinaon	95
4.17 Diagram Peningkatan Asiling Pasinaon	96

SARI PATHI

Ida Herawati, NIM 15PSC01691. “Ningkataken Motivasi Tuwin Asiling Pasinaon Ragam Basa Krama kanthi Ngginakaken Model *Make a Match* (Panaliten Tindakan Kelas tumrap Siswa Kelas VIII B) SMP Negeri 2 GARUNG Tahun Pelajaran 2015/2016.” Tesis. Program Studi Pendidikan Bahasa, Program Pasca Sarjana Universitas Widya Dharma Klaten. 2017.

Rancanganing panaliten menika: (1) Kadospundi ningkataken motivasi pasinaon ragam basa krama kanthi cara ngetrepaken model *Make a Match* tumrap siswa kelas VIII B SMP Negeri 2 Garung Wonosobo tahun pelajaran 2015/2016? (2) Menapa model *Make a Match* saged ningkataken prestasi utawi asiling wicara ragam basa krama kelas VIII B SMP Negeri 2 Garung?

Metodhe ingkang kaginakaken inggih menika panaliten tindakan kelas ingkang kalampahan kalih siklus. Saben siklus kadadosan saking perencanaan, pelaksanaan, pengamatan, refleksi. Subjek panaliten inggih menika Siswa kelas VIII B SMP Negeri 2 Garung Kabupaten Wonosobo Tahun Pelajaran 2015/2016. Variable *input-output* ing panaliten menika pasinaon ragam basa krama, wondene variabel proses ing panaliten menika model *Make and Macth*. Instrumen ing panaliten menika, instrumen tes kaliyan instrumen nontes. Aspek pambiji kangge mangertosi asil tes ragam krama inggih menika kanthi mangsuli pitakenan. Wondene data nontes kapedhet saking asil observasi, asil wawan rembag, asil jurnal, saha asil dhokumentasi. Data tes saha nontes salajengipun kaanalisis kanthi ngginakaken teknik analisis prosentase saha teknik deskriptif kuwantitatif.

Asiling analisis panaliten motivasi saha asiling pasinaon ragam krama kanthi model *Make and Macth* saged ngindhakaken biji rata-rata siswa kelas VIII B SMP Negeri 2 Garung Kabupaten Wonosobo Tahun Pelajaran 2015/2016. Ing siklus I pasinaon kanthi modhel *Make and Macthdwija* ngginakaken kertu mawi kertas manila asil biji tes rata-rata 78,97% utawi mindhak dados 65,52% saking kondhisi sakawit. Biji pasinaon ragam krama kasebat dereng nggayuh target KKM inggih menika 75. Adhedhasar refleksi siklus I ateges biji siklus I dereng nggayuh KKM. Supados saged nggayuh target KKM ing siklus II dwija paring pasinaon kanthi kertu ingkang ngginakaken kertas cover werni-werni supados siswa langkung greget anggenipun ndherek pasinaon. Asil tes siklus II kanthi biji rata-rata 82,93 mindhak dados 89,65% lan sampun nggayuh KKM. Kanthi makaten pasinaon kanthi modhel *Make and Macthsaged* ngindhakaken pasinaon ragam krama. Sakawit siswa kirang greget nyanaoni ragam krama sasampunipun dwija paring pasinaon kanthi modhel *Make and Macthsiswa* langkung greget saha *antusias* nyinaoni ragam krama.

Wosing tembung: Motivasi, Asil, Pasinaon Ragam Basa Krama, Model *Make a Match*

ABSTRAK

Ida Herawati, NIM 15PSC01691. “Meningkatkan Motivasi Serta Hasil Belajar Ragam Bahasa Krama dengan Menggunakan Model *Make a Match* (Penelitian Tindakan Kelas terhadap Siswa Kelas VIII B) SMP Negeri 2 Garung Tahun Pelajaran 2015/2016.” Tesis. Program Studi Pendidikan Bahasa, Program Pasca Sarjana Universitas Widya Dharma Klaten. 2017.

Rancangan penelitian ini adalah; (1) Bagaimanakah meningkatkan motivasi belajar ragam krama dengan model *Make and Macth* di kelas VIII B SMP Negeri 2 Garung kabupaten Wonosobo Tahun Pelajaran 2015/2016?, (2) Apakah model *Make and Macth* bisa meningkatkan prestasi pembelajaran ragam krama di kelas VIII B SMP Negeri 2 Garung kabupaten Wonosobo Tahun Pelajaran 2015/2016?

Metode yang digunakan dalam penelitian ini adalah Penelitian Tindakan Kelas dua siklus. Setiap siklusnya terdiri dari perencanaan, pelaksanaan, pengamatan dan refleksi. Subjek penelitian adalah siswa kelas VIII B SMP Negeri 2 Garung kabupaten Wonosobo Tahun Pelajaran 2015/2016. Variabel *input-output* di penelitian ini adalah pembelajaran *ragam krama*, sedangkan variabel proses di penelitian ini adalah model *Make and Macth*. Instrumen penelitian ini berupa tes dan nontes. Aspek penilaian untuk mengetahui hasil tes pembelajaran ragam krama dengan menjawab pertanyaan yang sesuai kisi-kisi. Sedangkan data nontes diperoleh dari hasil observasi, hasil wawancara, hasil jurnal dan hasil dokumentasi. Data tes dan data nontes selanjutnya dianalisis dengan menggunakan prosentase dan teknik deskriptif kuantitatif.

Hasil analisis penelitian ini motivasi dan hasil pembelajaran *ragam krama* dengan model *Make and Macth* bisa meningkatkan nilai rata-rata di kelas VIII B SMP Negeri 2 Garung kabupaten Wonosobo Tahun Pelajaran 2015/2016. Di siklus I pembelajaran dengan model *Make and Macth* guru menggunakan kartu dari kertas manila hasil tes rata-rata 78,97% atau meningkat 65,52% dari kondisi awal. Nilai pembelajaran *ragam krama* belum mencapai target KKM yaitu 75. Berdasarkan refleksi siklus I berarti nilai siklus I belum mencapai KKM. Supaya hasil pembelajaran *ragam krama* bisa mencapai KKM ing siklus II guru menggunakan model pembelajaran *Make and Macth* dengan menggunakan kartu dari bahan kertas cover berwarna supaya siswa lebih antusias dan termotivasi dalam belajar. Hasil rata-rata tes di siklus II adalah 82,93 meningkat menjadi 89,65% dan sudah mencapai KKM. Dengan demikian model pembelajaran *Make and Macth* bisa meningkatkan pembelajaran *ragam krama*. Semula siswa kurang perhatian dalam belajar *ragam krama* setelah guru menggunakan model *Make and Macth* siswa lebih termotivasi juga lebih antusias dalam belajar. Dengan model *Make and Macth* perubahan sikap siswa juga kelihatan.

Kata kunci: Motivasi, Hasil, Belajar Ragam Basa Krama, Model *Make a Match*

ABSTRACT

Ida Herawati, NIM 15 PSC01691. “Enhancing Motivation a Increase Learning Performance of “*Ragam Krama*” by applying ‘Make and Match’ Model Towards Students of class VIII B SMP Negeri 2 Garung Year 2015/2016.” Thesis. The language Education of Graduate Programme University Widya Dharma Klaten. 2017.

The research questions are: (1) How to enhance learning motivation of “*ragam krama*” by ‘Make and Match’ model towards students of class VIII B SMP Negeri 2 Garung Wonosobo year 2015/2016. (2) Can ‘Make and Match’ model increase learning performance of “*ragam krama*” in the class of VIII B SMP negeri 2 Garung Wonosobo year 2015/2016?

The method used in the research is 2-cycle of Class Action Research. Each cycle consists of planning, action, observation and reflection. The subject of the research is students of class VIII B SMP Negeri 2 Garung Wonosobo year 2015/2016. Input-output variable in the research is “*ragam krama*” leaning. While process variable in the research is ‘Make and Match’ model. The instrument of the research is test and non-test. The grading aspect to measure the test results of “*ragam krama*” learning is by answering questions based on outline or blueprint. While the non test data is resulted from observation, interview, journal results, and documentation. Both test and non-test data is further analysed by using percentage and quantitative descriptive technique.

The result of the research advises that “*ragam krama*” learning using ‘Make and Match’ model can enhance the average grade of class VIII B SMP Negeri 2 Garung Wonosobo year 2015/2016. For the first cycle of learning using ‘Make and Match’ model in which the teacher uses cards made from manila paper, the average test result is 78,97% or increases 65,52% from the early data. The grade of learning “*ragam krama*” has not achieved the KKM target which is 75. Based on the first cycle reflection, the first cycle result has not reached KKM. In order to achive the KKM target of learning “*ragam krama*” in the second cycle, the teacher uses ‘Make and match’ model using cards made from colourful cover paper to make students more enthusiastic and motivated. The average grade for the second cycle is 82,93% which increases to be 89,65% and has achieved the KKM target. Therefore, learning using ‘Make and Match’ model can enhance the studens’ performance in learning “*ragam krama*”. Students firstly are not focused in learning “*ragam krama*”, however, after the teacher uses ‘Make and Match’ model, students become more motivated and enthusiastic. Students’ attitude in learning also changes.

Keywords: motivation, learning outcomes, learning performance of “*ragam krama*” , the Make a Match Model

BAB I

PURWAKA

A. Lelarahaning Prakawis

Basa Jawi salah satunggaling muatan lokal ingkang wajib dipuwucalaken wonten ing wilayah Jawi Tengah wiwit saking Sekolah Dasar (SD), Sekolah Menengah Pertama (SMP), Sekolah menengah Atas lan ingkang sadrajad. Pasinaonan Basa Jawi wiwitanipun namung dipunwucalaken wonten ing pawiyatan Sekolah Dasar (SD) lan Sekolah Menengah Pertama (SMP). Sasampunipun wonten serat edaran Keputusan Gubernur Jawi Tengah No. 9 Tahun 2012 bab Kurikulum Basa Jawi wajib dipunwucalaken wonten ing sedaya jenjang pawiyatan ing Provinsi Jawi Tengah, saking pawiyatan Sekolah Dasar (SD) dumugi ing Sekolah Menengah Atas (SMA).

Sinau basa Jawi mboten namung nyinaoni materi-materi ingkang dipunwucalaken wonten ing pasinaonan, ananging kados pundi supados para siswa saged ngetrapaken pasinaonan basa Jawi wonten ing pasrawungan sadinten-dintenipun, mliginipun ngetrapaken bab tata krama ing salebeting tindak tandukipun tuwin komunikasi tumraping tiyang sanes. Pasinaonan basa Jawi nggadhahi sekawan cakupan katrampilan basa, inggih menika: katrampilan nyemak, katrampilan wicanten, katrampilan maos, lan katrampilan nyerat.

Katrampilan wicara ngetrepaken unggah-ungguh basa supados saged wawan rembag kaliyan lawan wicaranipun kanthi sae temtunipun saged ngormati dhumateng lawan wicaranipun. Tata krama utawi unggah-ungguh wicara saged dipuntingali rikala tiyang menika nindakaken wawan pirembagan. Wonten ing

wawan rembag ugi kedah migatosaken sinten ingkang dipunajak wicara. Bab mekaten kala wau kasebat unggah-ungguh basa. Salebeting unggah-ungguh basa wonten ingkang kasebat ragam basa Jawi Krama tuwin ragam basa Jawi Ngoko. Kekalih ragam basa Jawi menika dados satunggaling komponen basa salebeting aspek wicara ing basa Jawi.

Pasinaonan basa Jawi kedahipun nglebetaken siswa supados aktif kangge interaksi salebeting proses pasinaonan. Bab menika ugi nggadhahi teges bilih siswa minangka undheranipun tumraping pasinaonan basa Jawi. Pramila menika supados dwija saged kasil, dwija kedah nggadhahi karakteristik. Salah satunggaling karakteristik ingkang wigatos tumrap dwija supados saged kasil inggih menika kedah nguwaosi katrampilan ing piwucalan, mliginipun model-model piwucalan minangka sarana kangge paring panjurung dhumateng para siswa wonten ing proses pasinaonan tuwin saged ningkataken asiling pasinaon.

Kasunyatanipun wonten ing pasinaonan basa Jawi taksih rumaos ewet, mliginipun babagan katrampilan ragam basa Krama. Kekirangan wonten ing pasinaonan basa Jawi antawisipun inggih menika siswa mboten kulinten migunakaken ragam basa Jawi Krama wonten ing wicantenan sedinten-dintenipun. Sanesipun menika dwija ugi mboten ngrembakaken pinten-pinten metode tuwin model pasinaon salebeting proses pasinaonan. Bab kasebat nyebabaken kirangipun motivasi siswa. Umumipun para dwija ugi taksih ngginakaken metode ceramah ingkang namung nuntut peserta didik kangge ngapalaken kemawon. Kanthi kekiranganipun wonten ing piwucalan Basa Jawi nedahaken menawi kasunyatanipun motivasi pasinaon peserta didik taksih kirang

ugi peranipun dwija taksih dominan salebeting proses pasinaonan Basa Jawi. Pasinaonan dados pasif, bab menika nyebabaken kirangipun minat utawi raos remenipun pasinaon siswa ndadosaken andhap saha asilipun prestasi pasinaon ingkang andhap ugi.

Ing sapra sekolah taksih wonten prakawis ingkang dipunadhepi salebeting pasinaon, wonten ing pamucalan basa Jawi mliginipun babagan ragam basa krama. Sinaosa sampun kathah upaya inovasi ingkang dipuntindakaken salebeting pasinaon, ananging dereng nggadhahi asil ingkang ngremenaken. Andhapipun karemenan ugi motivasi siswa saking asiling proses pasinaon menika, saget dipuntingali wonten ing siswa kelas VIII B. Sasampunipun nglampahi pasinaonan ngginakaken metode informasi utawi ceramah namung sakedhik siswa ingkang aktif salebeting pasinaonan.

Supados saged ningkataken asiling pasinaonan ingkang ideal, dwija kedah nindakaken langkah-langkah inovatif adhedhasar asil evaluasi tuwin refleksi tumrap pasinaonan ingkang sampun katindakaken. Kanthi pendekatan *kooperatif*, siswa dipunajap saget ningkataken asil tuwin motivasi wonten ing piwucalan basa Jawi. Kangge ngatasi prekawis kasebat, panyerat mendhet model pasinaonan *make a match*, inggih menika model pasinaonan ingkang migunakaken kertu-kertu minangka media paraganipun kangge nemokaken wangsulan saking pitakenan. Kertu-kertu kasebat dumados saking kertu ingkang isinipun pitakenan tuwin kertu-kertu sanesipun isinipun wangsulan saking pitakenan-pitakenan kasebat. Para siswa saged sinau kanthi interaksi kaliyan kanca sakelasipun, saengga mboten kraos bosen nalika proses pasinaonan. Kanthi migunakaken

model pasinaon *make a match*, nggadhahi pangajab supados siswa aktif lan kreatif saengga proses pasinaonan saged efektif tuwin nyenengaken.

SMP Negeri 2 Garung Wonosobo nggadhahi 12 kelas, inggih menika kelas VII sekawan kelas, kelas VIII sekawan kelas, lan kelas IX sekawan kelas. Saben kelas isinipun 25–36 siswa. Adhedhasar asil pre test siswa kompetensi unggah-ungguh basa kelas VIII B bijinipun taksih andhap. Bab menika saged dipuntingali saking biji rata-rata siswa inggih menika 63,45 wonten ing tes awal pasinaon lan asil ulangan padinan 1 inggih menika 63,93 Biji menika taksih wonten ing sangandhapipun rata-rata tinimbang kelas sanes, utawi taksih ing sangandhaping KKM ingkang sampun katetepaken sekolah inggih menika 75. Menika sampun kabukten saking pencapaian kompetensi dasar unggah-ungguh basa siswa kelas VIII B taksih kirang utawi andhap sanget.

Kanthi kasunyatan menika, pramila kompetensi ragam basa krama kedah pikantuk kawigatosan saha manggihi cara utawi solusi ingkang jangkep kangge dwija mata pelajaran supados kompetensi ragam basa krama saget mindhak/ningkat. Supados sadet ningkataken motivasi saha prestasi ragam basa krama ing kelas VIII B inggih menika ngginakaken model pasinaonan kooperatif tipe *make a match*, adhedhasar pamilihing model menika dipundhasari saking model pasinaonan kooperatif tipe *make a match* inggih menika: 1) saged nuwuhaken swasana pasinaonan ingkang aktif saha ngremenaken, 2) piwulangan ingkang dipunparingaken siswa langkung ngremenaken, 3) saged ningkataken asil ingkang tuntas kanthi cara klasikal.

Salah satunggaling model pasinaonan ingkang nggadhahi potensi saged ngatasi prakawis-prakawis ing pamucalan ragam basa krama inggih menika model pasinaonan model *make a match*. Wonten ing model pasinaonan model *make a match* langkung rumiya dipunwontenaken gladhen nyambut damel sesarengan ing klompok. Bab menika nggadhahi ancas supados mangertosi karakteristik saben individu tuwin klompok. Miturut Suprijono (2009:114). Pendekatan *cooperatif learning* model *make a match* inggih menika sawijining kertu-kertu. Pitakenan-pitakenan lan kertu-kertu sanesipun isinipun wangsulan. Kelas kabagi dados 3 klompok, klompok kapisan arupi klompok ingkang mbekta kertu-kertu ingkang isinipun pitakenan-pitakenan. Klompok kaping kalih inggih menika klompok ingkang mbekta isi wangsulan, dene klompok kaping tiganipun inggih menika klompok pambiji. Asil diskusi dipuntandhani dening pasangan-pasangan antawisipun anggota klompok ingkang mbekta pitakenan tuwin anggota klompok ingkang mbekta kertu wangsulan. Dene dwija namung dados fasilitator ing diskusi kangge paring kalodhangan dhumateng sedaya peserta didik paring informasi pitakenan tuwin wangsulan. Metode menika sae sanget dipunginakaken wonten ing proses pasinaonan ragam basa krama, ugi kangge pasinaonan sanesipun, amargi metode menika nedahaken siswa supados nggadahi pamikiran kreatif ugi aktif.

Adhedhasar pratelan ing nginggil, saged dipunmangertosi bilih: 1) model pasinaonan model *make a match* nggadhahi ancas kangge nuwuhaken sikep urmat, nuwuhaken sikep tanggungjawab, ningkataken percaya diri wonten salebeting ngrampungaken prakawis, 2) arupi model pasinaonan ingkang nuntut lare aktif ing

pasinaonan, katrampilan wiwit saking tingkat kawiwitan dumugi tingkat pungkasan ingkang dipungadhahi dening lare badhe ketinggal ing pasinaonan menika, 3) lingkungan salebeting pasinaonan *make a match* dipunusahakaken demokratis, peserta didik dipunparingi kalonggaran kangge paring panyaruwe.

Kanthi wontenipun kasunyatan menika, ndadosaken panjurung dhateng panyerat kangge nindakaken panaliten kanthi sesirah “Ningkataken Motivasi Tuwin Asiling Pasinaon Ragam Basa Krama Kanthi Ngetrepaken Model Make A Match Tumrap Siswa Kelas VIII B SMP Negeri 2 Garung Tahun Pelajaran 2015/2016.” Panaliten menika prelu dipuntindakaken supados langkung mindhak asiling pasinaon siswa ugi ningkataken motivasi sinau siswa ing salebeting pasinaonan tuwin paring panjurung aktivipun, kemandirian, kerjasama tuwin tanggel jawab para siswa.

B. Idhentitasing Prakawis

Adhedhasar lelarahaning prakawis saged dipuntingali saking prakawisipun ingkang ngandharaken sakathahipun prakawis kados ingkang sampun kababar ing nginggil namung badhe muspra. Awit saking menika prakawis ingkang dipunandharaken ing nginggil prelu dipunjlentrehaken saha dipuntandhesaken kanthi cara dipuntintingi. Adhedhasar lelarahaning prakawis ingkang sampun kaaturaken ing nginggil, saged dipuntintingi prakawis-prakawis ingkang wonten gandheng cenengipun kaliyan pasinaon ragam basa krama kados ing ngandhap menika.

1. Kirang dipuntanemaken babagan tata krama ing pasrawungan, pramila para siswa kirang prigel ngginakaken basa krama.

2. Para dwija namung ngetrepaken materi-materi pamucalan kemawon, saengga para siswa boten saged ngetrepaken utawi ngginakaken ragam basa krama ing pasrawungan.
3. Katrampilan wicara basa Jawi ragam basa krama taksih kirang saking KKM (Kriteria Ketuntasan Minimal).
4. Guru taksih asring angginakaken model ceramah, saengga dadosaken kirang aktifipun siswa anggenipun nyinaoni piwulang basa Jawi.
5. Siswa kirang prigel salebetipun mraktekaken kompetensi wicara ngginakaken basa krama.
6. Motivasi tuwin asiling sinau ing salebeting kompetensi ragam basa Krama taksih kirang, pramila asiling pasinaon rendah/ andhap.

C. Wewatesing Prakawis

Prekawis ingkang badhe kataliti ing salebeting panaliten menika inggih menika:

1. Ngengingi kirangipun katrampilan wicara basa Jawi ragam krama siswa kelas VIII B SMP Negeri 2 Garung Kabupaten Wonosobo, wonten ing wawan rembag sedinten-dintenipun.
2. Dipunginakaken namung dados media utawi piranti pasinaon saha mboten dipunevaluasi asil produkipun.
3. Sasaran utawi target panaliten menika mliginipun namung kangge siswa kelas VIII B SMP Negeri 2 Garung Semester 2 Tahun Pelajaran 2015/ 2016.

4. Kangge ningkataken katrampilan wicara basa Jawi ragam krama siswa kelas VIII B SMP Negeri 2 Garung Kabupaten Wonosobo, guru ngginakaken model *Make a Match*.

D. Rumusaning Prakawis

Saking adhedhasar wewatesing prekawis ing perangan nginggil, pramila panyerat badhe ngandharaken rumusing prekawis mekaten:

1. Kadospundi ningkataken motivasi pasinaon ragam basa krama kanthi cara ngetrepaken model *make a match* tumrap siswa kelas VIII B SMP Negeri 2 Garung Wonosobo tahun pelajaran 2015/ 2016?
2. Menapa model *Make a Match* saged ningkataken prestasi utawi asiling wicara ragam basa krama kelas VIII B SMP Negeri 2 Garung?

E. Ancasing Panaliten

Adhedhasar lelarahaning prekawis saha rumusing prekawis kasebat ing nginggil pramila, ancasiun panaliten menika inggih menika:

1. Supados mangertosi peningkatanipun motivasi pasinaon ragam basa krama kanthi ngetrepaken model *make a match* tumrap siswa kelas VIII B SMP Negeri 2 Garung Wonosobo Tahun Pelajaran 2015/ 2016.
2. Supados mangertosi peningkatanipun prestasi saha asiling pasinaon basa Jawi ragam basa krama kanthi model *make a match* tumrap siswa kelas VIII B SMP Negeri 2 Garung Wonosobo Tahun Pelajaran 2015/ 2016.

F. Mumpangating Panaliten

Asiling panaliten tumindak ing kelas menika nggadhahi pangajeng-ajeng supados saged mumpangat tumrap sedaya pihak ingkang sinambungan ing salebetipun, saengga saged nambah ing wawasan utawi seserepan bab pasinaonan kanthi model *make a match*. Mumpangating ingkang dipunajeng-ajeng saking panaliten menika inggih menika:

1. Kangge Guru:

Kanthi wontenipun panaliten menika, dwija saget pikantuk seserepan bab model pasinaonan *make a match* saha saget mbiyantu dwija kangge ningkataken kaprigelan anggenipun mucal supados langkung profesional.

2. Kangge Sekolah:

Saget ndadosaken sarana kangge ningkataken kinerja para dwija, ugi ningkataken kualitas pengelolaan pengajaran.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling proses pamucalan ingkang sampun dipuntindakaken dening panaliti saking pra siklus dumugi siklus I lan siklus II, saged dipunpendhet dudutanipun kados makaten:

1. Kanthi pangetrapan modhel *Make a match* saged ningkataken motivasi pasinaon siswa kelas VIII B SMP Negeri 2 Garung Wonosobo Tahun Pelajaran 2015/2016 ing semester 2. Ingkang dipuntedahaken wonten ing ningkatipun motivasi pasinaon kanthi kategori ingkang sae sanget lan sae ingkang dipungayuh wonten ing pra siklus 20,69 (21)%, wonten ing siklus I 65,52% lan wonten ing siklus II nggayuh 89,65%. Saking dhata kasebat nedahaken bilih kangge sinau basa Jawi supados siswa langkung termotivasi, wonten ing pamucalan kanthi ngginakaken pasinaonan modhel *Make a Match* utawi dolanan kertu (permainan Kartu).
2. Kanthi pangetrapan modhel *Make a Match* saged ningkataken utawi ngindhakaken asiling pasinaon siswa kelas VIII B SMP Negeri 2 Garung Wonosobo Tahun Pelajaran 2015/2016. Babagan menika dipuntedahaken wonten ing ningkatipun asiling ulangan padinan ingkang nggayuh KKM inggih menika ≥ 75 wonten ing pra siklus 20,69% (21%) kanthi rata-rata 63,45, ningkat wonten ing siklus I 65,52% kanthi biji rata-rata 78,97 lan wonten ing silus II 89,65% kanthi biji rata-rata 82,93.

Kanthe makaten saged dipunpendhet dudutanipun bilih kanthe pangetrapan model *Make a Match* saged ningkataken motivasi lan asiling pasinaon basa Jawi mliginipun ragam basa wonten ing siswa kelas VIII B SMP Negeri 2 Garung Wonosobo semester 2 Tahun pPelajaran 2015/2016.

B. Implikasi

Asilipun saking panaliten Penelitian Tindakan Kelas inggih menika ningkataken motivasi pasinaon siswa kanthe ngginakaken pangetrapan pamucalan modhel *Make a match*, wonten saperangan prekawis ingkang wigati dipunjlehaken saking asiling panaliten PTK menika kadosta makaten:

Panaliten menika saged nambahng ngelmu seserepan ing babagan panaliten tindakan kelas ingkang dipuntindakaken ing pawiyatan Sekolah Menengah Pertama (SMP). Asiling panaliten menika minangka punjering pasinaon tumrap dwija salebeting metodhe pasinaonan basa Jawi ing SMP.

Panaliten menika paring kontribusi dhumaeng dwija, siswa tuwin sekolah. Dwija saged damel kreativitas babagan kaprigelan ing proses pasinaonan. Asiling panaliten menika ugi saged dados referensi dwija kangge paring metodhe pamucalan ingkang saged paring daya pangaribawa dhateng siswa. Kanthe pasinaonan ingkang gadhah pangaribawa pramila dadosaken sekolah nggadhahi wahana ingkang langkung kuwalitas.

Panaliten menika paring gambaran bilih ningkatipun asiling pasinaon dipunpengaruhi dening kaprigelanipun dwija, aktivitasipun siswa,

kaprigelanipun siswa, metodhe pasinaon saha sumbering pasinaon. Faktor-faktor ing salebeting pasinaonan saged dipunrembakakaken saengga saged nggayuh pasinaonan ingkang maksimal saha ingkang dipunkajengaken.

Kanthen ngginakaken ragam basa utawi unggah-ungguh basa nggadahi ancas supados para siswa prigel ngginakaken basa krama saha mangertos unggah-ungguh basa antawisipun ngoko, krama lugu saha krama alus.

Pangetrapan basa krama ndadosaken raos ajen-ingajeni tumraping bebrayan, utawi mangertos raos urmat dhumateng lawan micaranipun.

Pangetrapan modhel pamucalan *Make a match* wonten ing pamucalan basa Jawi kabukten sae sanget kangge ningkataken motivasi lan asiling pasinaon siswa kanthen kompetensi dasar ragam Basa. Pamucalan basa Jawi ingkang ngginakaken modhel *Make a match* kedah wonten lembar kegiatan observasi guru lan kegiatan observasi siswa ingkang dipunrancang kanthen sae kangge ngukur motivasi dwija lan siswa.

Kanthen ngginakaken modhel *Make a match* dipunsuwun dwija saged ningkataken motivasi pasinaon siswa, nuwuhaken semangat saha siswa saged langsung praktik kanthen aktif lan saged nuwuhaken pamucalan ingkang langkung interaktif lan efektif supados saged nggayuh ancasing pasinaonan. Ragam basa krama ugi minangka budi pakarti tumrap tiyang Jawi, pramila menika pasinaonan basa Jawi wigatos sanget tumraping pasinaonan ing pawiyatan.

Inggang dipunajeng-ajeng malih inggih menika supados siswa boten nggadhahi raos lingsem anggenipun ngginaken basa Jawi amargi sampun dipunkulinakaken ing saben dintenipun.

C. Iguh Pratikel

Adhedhasar dudutan wonten ing nginggil, wonten saperangan babagan ingkang saged dipuntindakaken dening dwija/ kanca sajawat, sekolah lan siswa salebeting upaya kangge ningkataken motivasi lan asiling pasinaon siswa antawisipun:

1. Kangge Dwija

- a. Dwija prelu nyobi ngetrapaken modhel pasinaonan ingkang benten saking padatanipun, salah satunggaling antawisipun inggih menika modhel *Make a Match* utawi permainan kartu (dolanan kertu).
- b. Dwija dipunajeng-ajeng saged nuwuhaken kahanan utawi swasana pasinaonan ingkang ngremenaken lan saged nuwuhaken rangsangan aktifipun siswa, raos kendel, lan kedhisiplinan siswa wonten salebeting pamucalan.
- c. Pilihan modhel pasinaonan kedahipun jumbuh kaliyan karakteristik siswa lan ugi materi ingkang dipunwucalaken, amargi menawi boten trep saged ndadosaken pasinaonan boten efektif lan pasif.

2. Kangge Sekolah

- a. Kedahipun sekolah saged nyumadyakaken sarana prasarana ingkang dipunginakaken wonten ing pangetrapan pasinaonan kontekstual, lan

paring motivasi tumrap dwija kangge ngetrapaken modhel-modhel pasinaonan kasebat.

- b. Sekolah saged paring fasilitas kangge ningkataken kompetensi guru kanthi ngetrapaken modhel-modhel pasnaonan kontekstual, kanthi paring buku-buku acuan, lan ngintu dwija pelatihan-pelatihan.

3. Kangge Siswa

Kasilipun proses pasinaonan wonten ing kelas dipuntemtokaken dening peran serta utawi aktifipun siswa supados saged nggayuh asil ingkang maksimal. Pramila kedahipun siswa aktif wonten ing proses pasinaonan.

KAPUSTAKAN

- Akhadiyah, Sabarti. 1988. *Evaluasi dalam Pengajaran Bahasa*. Jakarta: Depdikbud.
- Arikunto, Suharsimi. 2002. *Dasar-dasar Evaluasi Pendidikan*. Edisi Revisi. Jakarta: Bumi Angkasa.
- Arikunto, S. Dkk. 2008. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Aqib, Zaenal. 2014. *Model-model Media, dan Strategi Pembelajaran Kontekstual (inovatif)*. Bandung: Yrama Widya.
- Basrowi, dkk. 2008. *Manajemen Penelitian Tindakan Kelas*. Jakarta: Insan Cendekia.
- Borich, J.P. 2007. *Effective Teaching Methods: Research-Based Practice (Sixth Guide edition)*. Columbus: Person Merrill Prentice Hall.
- Budiningsih, A. 2012. *Belajar & Pembelajaran*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Burns, Anne. 2010. *Doing Action Research in English Language Teaching (A Guide for Practitioners)*. New York and London: Routledge.
- Dananjaya, Utomo. 2013. *Media Pembelajaran Aktif*. Bandung: Nuansa Cendekia.
- Depdikbud. 2008. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Febriana, A. 2011. *Penerapan Model Pembelajaran Kooperatif Tipe Make a Match untuk meningkatkan kualitas pembelajaran IPS siswa kelas V D N kalibanteng Kidul 01 Kota Semarang [versi elektronik]*. Jurnal Kependidikan Dasar, 1, 151-161.
- Hamalik, O. 2014. *Kurikulum dan Pembelajaran*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Hardiana Vivi, Maskun dan Suparman (Tahun Pelajaran 2013/ 2014). *Pengaruh Model Pembelajaran Make a Match terhadap Hasil Belajar IPS Terpadu, Penelitian Eksperimen pada Kelas VIII di SMP 1 Kasui*. File:///F:/5203-10031-1-PB.pdf.
- Haryawiyangsu, H dan Theodorus Supriya. Edisi Revisi 2009. *Kamus Unggah-ungguh Basa Jawa*. Sleman: PT Kanisius.
- Huda, Miftahul. 2015. *Cooperatif Learning*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

- Huda, Miftahul. 2015. *Penelitian Tindakan Kelas Teori dan Praktik*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Kenny N and Desmarais. 2007. *A Guide to Developing and Assessing Learning Outcomes At The University of Guelph. Office of the Associate Vice-President (academic)*.
- Keputusan Gubernur Jawa Tengah Nomor 9 Tahun 2012. *Kurikulum Muatan Lokal (Bahasa Jawa) untuk Jenjang Pendidikan SMP/ SMLB/ Mts Negeri dan Swasta Provinsi Jawa Tengah*.
- Khadijah, Nyanyu. 2009. *Psikologi Pendidikan*. Palembang: Grafika Telindo.
- Kurikulum Mata Pelajaran Muatan Lokal (Bahasa Jawa) untuk SD/SDLB/MI, SMP/SMPLB/ MTs Negeri dan Swasta Provinsi Jawa Tengah. 2010. Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Tengah.
- Lie, Uno. 2010. *Cooperatif Learning Mempraktikan Cooperativ Learning di Ruang-ruang Kelas*. Jakarta: Grasindo.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2013. *Penilaian Pembelajaran bahasa Berbasis Kompetensi*. Yogyakarta: BPFE.
- McNiff, Jean. 1992. *Action Research: Principles and Practice*. London: Routledge.
- Rofiqoh Febriyani. 2012. *Efektivitas Pembelajaran Kooperatif Model Make a Match dalam Meningkatkan Hasil Belajar Siswa Pada Mata Pelajaran IPS. Penelitian Tindakan Kelas di SMP Islam Al Syukro Ciputat*.
- Sardiman, A.M. 2014. *Interaksi & Motivasi Belajar Mengajar*. Jakarta: Raja Grafindo.
- Sasangka, Sri Satriya, Catur Wisnu. 2005. *Kamus Jawa–Indonesia Krama-Ngoko*. Jakarta: Paramalingua.
- Slamet, Stefanus Y. 2008. *Dasar-dasar Keterampilan Berbahasa Indonesia*. Surakarta: UNS Press.
- Slameto, 2010. *Belajar & Faktor-faktor yang mempengaruhinya*. Jakarta: PT. Raja Grafindo..
- Slamet, Stefanus Y. 2008. *Dasar-dasar Keterampilan Berbahasa Indonesia*. Surakarta: UNS Press.
- Slavin, R. 1995. *Cooperative Learning: Theory, Research and Practice*. London: Allyn and Bacon.

- Sujanto, J. Ch. 1988. *Keterampilan berbahasa Membaca Menulis Berbicara untuk Mata Kuliah Dasar Umum Bahasa Indonesia*. Jakarta: Depdikbud.
- Suprijono, A. 2011. *Cooperative Learning Teori dan Aplikasi Paikem*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Tarigan, Henry Guntur. 2008. *Berbicara Sebagai Suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa Bandung.
- Tim PLPG Unnes. 2008. *Pendidikan dan Latihan Profesi Guru (PLPG) Sertifikasi Guru dalam Jabatan*. Semarang: Unnes.
- Zaenal, Aqib. 2014. *Model-model, Media dan Strategi Pembelajaran Kontekstual (inovatif)*. Bandung: Vrama Widya.
- Widoyoko, E.P. 2013. *Evaluasi Program Pembelajaran: Panduan Praktis bagi Pendidik dan Calon Pendidik*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Uno, H.B. 2011. *Teori Motivasi dan Pengukurannya*. Jakarta: Bumi Aksara.
- . 2014. *Buku Pedoman Penulisan Tesis*. Klaten: UNWIDHA.